YAYASAN PERMATA BAKTI PERTIWI
PUSAT KEGIATAN BELAJAR MASYARAKAT((PKBM)
"PERMATA ABADI"
Menyelenggarakan Pendidikan :
Paket A (SD), Paket B (SMP), Paket C (SMA), Keterampilan Komputer.
Jl. Raya Tamansari RT. 03 RW. 03 Desa Tamansari, Karanglewas | Telp : 082138190155 | www.pkbmpermataabadi.sch.id

PENILAIAN SUMATIF TENGAH SEMESTER (PSTS) GANJIL

TAHUN AJARAN 2026/2027

Nama Siswa : …… Hari/ Tanggal : ……..

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Kelas : XII (Duabelas)

Kerjakan soal dibawah ini dengan benar !

A. PILIHAN GANDA

Pandhuan: Pilihen wangsulan kang paling bener kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D!

1. Novel basa Jawa iku karya sastra kang isine luwih dawa lan kompleks tinimbang cerkak, kanthi akeh paraga lan alur kang njlimet. Tuladha novelis Jawa kang misuwur yaiku ....
   A. Ranggawarsita B. Suparto Brata C. Ki Hajar Dewantara D. Sunan Kalijaga
2. Kajian sastra kang njlentrehake unsur-unsur pambangun crita saka njero, kayata tema, alur, lan watak paraga, diarani kajian ....
   A. ekstrinsik B. intrinsik C. historis D. biografis
3. Kajian sastra kang njlentrehake unsur-unsur pambangun crita saka njaba, kayata kahanan sosial, budaya, lan biografi pengarang, diarani kajian ....
   A. intrinsik B. ekstrinsik C. struktural D. formal
4. Piwulang utawa nilai-nilai luhur kang diwarisake wong Jawa turun-tumurun, kayata gotong royong, tepa slira, lan andhap asor, diarani ....
   A. kearifan lokal (local wisdom) B. teknologi modern C. basa gaulD. budaya asing
5. Unggah-ungguh basa kang trep digunakake nalika sesorah ing acara resmi kanthi pamireng saka macem-macem kalangan yaiku basa ....
   A. ngoko lugu B. ngoko alus C. krama alus D. basa gaul
6. Sadurunge sesorah ing acara resmi, panyerat/pamicara kudu nggawe rangka (outline) supaya ....
   A. sesorah dadi luwih dawa
   B. isi sesorah runtut lan trep karo ancas/tujuan
   C. basa dadi luwih angel dimangerteni
   D. pamireng bosen krungu
7. Kabeh jinis tembang macapat nduweni ancas kang beda-beda, nanging kabeh nduweni pola kang padha, yaiku diiket dening ....
   A. jinis kertas kang digunakake B. guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu C. jumlah paraga ing crita D. warna sandhangan
8. Tembang macapat kang nggambarake wiwitan/miyosing (lairing) sawijining prakara utawa gagasan diarani tembang ....
   A. Mijil B. Durma C. Megatruh D. Pocung
9. Aksara Jawa kanggo nulis tembung "basa" kanthi bener, sawise aksara "ba" lan sandhangan taling tarung kanggo "sa" dadi "so", supaya bali dadi swara "a" mbutuhake ....
   A. ora perlu diowahi maneh
   B. sandhangan pangkon ing pungkasan tembung
   C. aksara murda ing wiwitan tembung
   D. pasangan ing tengah tembung

10. Panulisan aksara Jawa kanggo dokumen resmi utawa karya ilmiah mbutuhake katlitèn babagan sandhangan lan pasangan supaya ....
    A. gampang diwaca sanajan salah
    B. tulisan luwih cepet rampung
    C. tulisan trep lan ora ngganti makna tembung
    D. ora perlu digatekake maneh

B. PILIHAN GANDA KOMPLEKS

Pandhuan: Pilihen wangsulan sing bener luwih saka siji kanthi menehi tandha ping (X) ing aksara kang dipilih!

11. Pratelan kang bener babagan kajian sastra Jawa (intrinsik lan ekstrinsik) yaiku ....
    A. Unsur intrinsik ana ing njero crita, kayata tema lan alur.
    B. Unsur ekstrinsik ana ing njaba crita, kayata kahanan sosial pengarang.
    C. Watak paraga kalebu unsur intrinsik.
    D. Biografi pengarang kalebu unsur intrinsik.
    E. Latar sosial budaya nalika crita ditulis kalebu unsur ekstrinsik.

12. Pratelan kang bener babagan kearifan lokal Jawa yaiku ....
    A. Gotong royong lan tepa slira kalebu conto kearifan lokal Jawa.
    B. Kearifan lokal mung ana ing tembang macapat wae.
    C. Unggah-ungguh basa uga kalebu wujud kearifan lokal Jawa.
    D. Kearifan lokal Jawa wigati dilestarekake dening generasi mudha.
    E. Kearifan lokal ora ana gandheng cenenge karo pasrawungan sadinane.

C. MENJODOHKAN

Pandhuan: Jodhohna pratelan ing kolom kiwa karo pilihan wangsulan kang trep ing kolom tengen kanthi nulis aksara ing kolom "Jawaban"!

13. Jodhohna unsur kajian sastra ing ngisor iki karo jinise (intrinsik utawa ekstrinsik)!

No.	Unsur	Jawaban		Jinis Unsur
1.	Tema		A.	Ekstrinsik
2.	Kahanan sosial pengarang		B.	Intrinsik
3.	Alur		C.	Ekstrinsik
4.	Biografi pengarang		D.	Intrinsik
5.	Watak paraga		E.	Intrinsik
			F.	Netral (ora kalebu loro-lorone)

14. Jodhohna nilai kearifan lokal Jawa ing ngisor iki karo tuladhane!

No.	Nilai	Jawaban		Tuladha
1.	Gotong royong		A.	Nggunakake basa krama marang wong tuwa
2.	Tepa slira		B.	Kerja bakti resik-resik desa bebarengan
3.	Andhap asor		C.	Ora seneng pamer lan sombong
4.	Unggah-ungguh basa		D.	Bisa ngrasakake lan ngerti perasaan wong liya
5.	Guyub rukun		E.	Rukun lan tulung-tinulung antar tangga
			F.	Sinau dhewe tanpa kerja sama

D. TABEL BENAR/SALAH LAN YA/BOTEN

Pandhuan: Wenehana tandha centhang (✓) ing kolom kang trep kanggo saben pratelan!

15. Tamtokna manawa pratelan ing ngisor iki babagan kajian sastra lan kearifan lokal Jawa Bener utawa Salah!

No.	Pernyataan	Bener	Salah
1.	Unsur intrinsik ana ing njero crita, dene unsur ekstrinsik ana ing njaba crita.		
2.	Tema lan alur kalebu unsur ekstrinsik.		
3.	Kearifan lokal Jawa kalebu gotong royong, tepa slira, lan andhap asor.		
4.	Unggah-ungguh basa ora kalebu wujud kearifan lokal.		
5.	Kearifan lokal wigati dilestarekake supaya ora ilang katindhih jaman.		

16. Sekolahmu nganakake festival budaya Jawa kanthi lomba nulis aksara Jawa, sesorah, lan maca geguritan. Tamtokna manawa pratelan ing ngisor iki Leres (trep) utawa Boten (ora trep)!

No.	Pernyataan	Leres	Boten
1.	Festival kasebut kalebu upaya nglestarekake basa lan sastra Jawa.		
2.	Lomba sesorah mbutuhake unggah-ungguh basa kang trep karo acara resmi.		
3.	Nulis aksara Jawa mbutuhake katlitèn babagan sandhangan lan pasangan.		
4.	Kegiyatan kasebut ora ana gunane tumrap generasi mudha.		
5.	Maca geguritan mbutuhake lafal, intonasi, lan ekspresi kang trep.		

E. ESSAI

Pandhuan: Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi cetha lan bener!

17. Terangna bedane unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik ing kajian sastra Jawa, lan wenehana tuladha saben-saben!

    .....

    .....

    .....

18. Terangna telung tuladha kearifan lokal Jawa lan pentinge dilestarekake dening generasi mudha!

    .....

    .....

    .....

F. URAIAN

Pandhuan: Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi urut lan lengkap!

19. Kowe diutus dadi wakil sekolah kanggo sesorah ing acara pengetan Hari Basa Ibu tingkat kabupaten.
    a. Temtokna ancas (tujuan) sesorahmu lan sapa wae pamirenge!
    b. Gawea rangka sesorah kang lengkap (pambuka, isi, panutup)!
    c. Terangna kepiye carane njaga unggah-ungguh basa lan sikap supaya sesorahmu kasil kanthi apik!

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

20. Wacanen ringkesan cerkak iki: "Sarti, wong wadon paro baya ing desa, tetep gigih ngrumat omahe kanthi cara-cara adat senadyan zaman wis owah dadi modern. Anak-anake ngajak Sarti pindhah menyang kutha nanging Sarti tetep milih tetep manggon ing desa amarga tresna marang budaya lan alam desane."
    a. Sebutna tema lan latar saka cerkak ing ndhuwur!
    b. Analisis watak paraga Sarti adhedhasar critane!
    c. Sebutna amanat/piwulang lan nilai kearifan lokal kang bisa dijupuk saka cerkak kasebut!

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

    .....

— Sugeng Nggarap —